**Къо-моц1:**20.12.2016с.
**Класс:** 5 «г»
**Предмет:**авар мац1.
**Дарсил тема:** «Каламалъул гьаркьал ва гьел лъугьунеб куц.Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал»
Школа:МКОУСОШ№17
Учитель:Бадрудинова З.Т



Ц1ияб г1умруялде дуниял ц1азе,
Г1ун рач1унел ругел ч1агоял т1угьдул.





«Зах1мат бихьич1ого, рах1ат бокьарас,
Бекьич1ого лъилъе, нилъ гьеч1ого, хур»




**Лъаларо, Мух1амад, цогиязул иш ,**
**Амма дица дирго рахъалъ абила:**
**Метер маг1арул мац1 хвезе батани,**
**Хваги дун жакъаго, жаниб рак1 кьвагьун.**

Къоабилеб декабрь.

Классалда х1алт1и.

Дарсил тема: «Каламалъул гьаркьал ва гьел лъугьунеб куц. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал.»

X1арпал –буквы.
Гьаркьал-звуки.
Рагьарал-гласные.
Рагьукъал-согласные



1.Хъах1аб хуриб ч1ег1ерх1анч1и,
Низам гьабун кьерда ч1арал .
Ругьунлъани гьелгун к1алъан ,
Лъалел дуда балъголъаби.
2.Бихьизе жиб гьит1инаб,
Кьолеб г1акълу к1удияб.
3.Квананаг1ан гьарзалъулеб,
Гьекъанаг1ан г1емерлъулеб.
5.Ц1АЛДЕЗЕ Г1ОДОР Ч1АЯН
Жанире ах1ула гьелъ;
Х1ухь бахъизе рахъаян
Къват1ире ах1ула гьелъ.
6.Ч1ег1ераб гьумералда
Хъах1алъ мухъал т1ад хъвалеб ,
Ч1орто т1асан бахъани,
Кинабго т1аг1ун унеб.
7.Цох1о гьумералда кьер гьабун ч1арав
К1икъоялда ункъо багьадур вуго,Гьезул киназулго ц1аралги руго рек1ехъе рик1к1е гьел лъал

1.Хъах1аб
хуриб,ч1ег1ерх1анч1и,
Низам гьабун кьерда ч1арал .
Ругьунлъани гьелгун к1алъан ,
Лъалел дуда балъголъаби.

2.Бихьизе жиб гьит1инаб,
Кьолеб г1акълу к1удияб.

3.Квананаг1ан гьарзалъулеб,
Гьекъанаг1ан г1емерлъулеб.

4.ЖАНИСАН РАК1 Ч1ЕГ1ЕРАБ, Т1АСАН ГУРДЕ Ц1УЛАЛАБ ЦАЛДОХЪАНАСДА КОДОБ КИДАГО ЖИБ РЕКЪОЛЕБ.

5.Ц1алдолезе г1одор ч1аян
Жанире ах1ула гьелъ;
Х1ухь бахъизе рахъаян
Къват1ире ах1ула гьелъ.

6.Ч1ег1ераб гьумералда
Хъах1алъ мухъал т1ад
хъвалеб ,
Ч1орто т1асан бахъани,
Кинабго т1аг1ун унеб.

7.Цох1о гьумералда кьер гьабун ч1арав
К1икъоялда ункъо багьадур вуго,
Гьезул киназулго ц1аралги руго ,
Рек1ехъе рик1к1е гьел, лъалел ратани.

*Х1арпал,т1ехь,г1елму,*
*къалам,ц1умур,доска,*
*алфавит.*

а-я о-ё у-ю э-е и-ы

Х1арпал,т1ехь,г1елму,
къалам,ц1умур,доска,
алфавит.
а-я о-ё у-ю э-е и-ы-
х1арпал.
а, о, у, э,и, ы,.-гьаркьал

а-я, о-ё ,у-ю,
э-е, и-ы-
рагьарал
х1арпал.

Щуго килищ цох1о квер,
Босе гьудул ,босе гьаб.
Щуго килищ цох1о зар
босе тушман ,босе гьаб.
(Р.Х1)

**Квар-кар**

**ч1вана-ч1ана**

**квин-кин**

**ц1ва-ц1а**

**бакъвана бакъана.**

**Кваскваc-8 х1арп,6 гьаракь.**

**(К1ут1би цере ц1ут1изарун абулел гьаркьал хъвалаго «в»х1арпалъул кумекалдалъун рихьизарула.Гьединал гьаркьазда лабиалиял гьаркьал абула.)**

**Бакана-баккана,**
**к1ал-к1к1ал,**
**Лъар-лълъар.**
**бич1ана-бич1ч1ана.(Геминатал)**

**К1к1ара-5х1арп,4 гьаракь**

Х1алт1и №244 гь.86




**М.тер маг1ар.л мац1 хв.зе батан.,**
**Хва.и ду. жа.аго, жа.иб ра. кь.агьун.**

**Ч1ч1вад-?**

**Метер маг1арул мац1 хвезе батани,**

**Хваги дун жакъаго, жаниб рак1 кьвагьун.**

**Рокъобе х1алт1и №245 гьумер 86.**


гьезул мугӀалимзабазе
Дир
АЛИПБА
РИА
ДАГЕСТАН



Нуж щалали лъазе ,
Лъилали лъазе
Лъазе гьабе, бабал ,
Эбел инсул -мац1 .

Миллатго гьеч1еллъун
Хут1унгут1изе,
Хвезе тоге, бабал,
Бищун лъик1аб мац1.